

ST. VINCENT'S MEDICAL CENTER

RÈGLEMAN KONSÈNAN FAKTIRASYON AK REKOUVREMAN

Anvigè apati 1ye Jiyè 2018

RÈGLEMAN/PRENSIP YO

Se règleman St. Vincent's Medical Center ("Òganizasyon" an) pou asire yon pratik ki jis sou plan sosyal pou bay swen sante pou ijans oswa swen sante ki nesesè pou rezon medikal nan Òganizasyon an dapre Règleman li konsènan Èd Finansye (Financial Assistance Policy, FAP). Règleman sa a ki konsène Faktirasyon ak Rekouvreman se yon Règleman ki la pou rezoud pratik faktirasyon ak rekouvreman pou Pasyan ki bezwen Èd Finansye epi ki resevwa swen sante nan Òganizasyon an.

Tout pratik faktirasyon ak rekouvreman pral montre angajman ak venerasyon nou pou diyite imen chak pasyan apa ak byen komen enkyetid espesyal nou ak solodarite nou avèk moun k ap viv nan povrete ak lòt moun ki defavorize, ak angajman nou pou distribiye lajistis akadministrasyon. Anplwaye ak ajan Òganizasyon an dwe konpòte yo yon fason ki montre règleman yo ak valè yon sant medikal ki jwenn sipò katolik, tankou tretman Pasyan yo ak fanmi yo avèk diyite, respè ak konpasyon.

Règleman sa a konsènan Faktirasyon ak Rekouvreman aplike pou tout sèvis pou ijans ak lòt sèvis ki nesesè pou rezon medikal nou bay nan Òganizasyon an, ansanm ak sèvis doktè ki anplwaye ak sante konpòtmantal. Règleman sa a konsènan Faktirasyon ak Rekouvreman pa aplike pou aranjman peman pou pwosedi ki pa obligatwa yo.

DEFINISYON YO

1. "**501(r)**" vle di Seksyon 501(r) Kòd ak règleman Internal Revenue Code ki pibliye annapre.
2. "**Peryòd Aplikasyon**" vle di peryòd pandan lè ou ka prezante yon aplikasyon FAP ba Òganizasyon an. Peryòd Aplikasyon an kòmanse byen bonè nan dat ou prezante Aplikasyon FAP oswa dat nou bay swen sante a epi li fini nan dat ki endike nan yon Avi Sispansyon Peryòd Aplikasyon an.
3. "**Avi pou Sispansyon Peryòd Aplikasyon**" vle di yon avi alekri ki endike dat limit apre Òganizasyon an p ap aksepte ankò yon aplikasyon FAP Pasyan an prezante (oswa, si sa anvigè, ranpli) pou swen sante nou te bay anvan ki konsène a avèk dat limit ki endike nan avi alekri nou bay anvan li pi ta pou (a) trant (30) jou apre dat nou bay avi alekri a, (b) 240 jou apre dat premye etadkont faktirasyon nou bay apre egzeyat la pou swen sante nou te bay anvan an, oswa (c) sizoka nou te jije yon Pasyan pa sipoze kalifye pou Èd Finansye, lè sa se fen yon tan rezonab pou aplike pou Èd Finansye a jan sa dekri la a. Avi pou Sispansyon Peryòd Aplikasyon an ka yon dokiman ekri apa oswa li ka se langaj ki endike nan yon lòt avi alekri nou voye ba Pasyan an.

4. “**Aksyon Ekstrawòdinè pou Rekovremman**” oswa “**ECA**” vle di aktivite rekouvreman ki endike anba la yo ka gen pou respekte kèk restriksyon dapre 501(r):

- a. Lavant dèt yon Pasyan ba yon lòt enstitisyon, sof si achtè a anba sè tenten restriksyon jan sa dekri anba la a.
- b. Rapòtaj enfòmasyon sou Pasyan an ba ajans rapòtaj kredi konsomatè oswa ba biwo kiredi.
- c. Voye oswa refize, oswa egzije yon peman anvan nou bay swen sante ki nesesè pou rezon medikal paske yon Pasyan pa peye youn oswa plis bòdwo pou swen sante nou te bay anvan epi ki garanti avèk FAP.
- d. Aksyon ki mande pwosesis legal oswa jidisyè, sof pou reklamasyon ki depoze nan yon fayit oswa pwosedi pou chòk pèsonèl. Aksyon sa yo gen ladan, men pa sèlman
 - i. plasman yon dwa-privilèj sou pwopriyete Pasyan an,
 - ii. sezi-ipotèk sou pwopriyete Pasyan an,
 - iii. plasman yon prelevman oswa attachman oswa konfiskasyon yon kont labank Pasyan an oswa lòt pwopriyete pèsonèl li,
 - iv. kòmansman yon aksyon sivil kont yon Pasyan, epi
 - v. sezi salè yon Pasyan.

Yon ECA pa gen ladan okenn nan sa ki endike anba la a (menmsi kritè pou yon ECA jan sa endike anwo a satisfè anjeneral):

- a. lavant dèt yon Pasyan si, anvan lavant lan, yon akò alekri ki gen obligasyon legalegiste avèk achtè dèt la dapre sa achtè a
 - i. gen entèdiksyon pou fè nan nenpòt ECA pou jwenn peman pou swen sante a;
 - ii. achtè a gen entèdiksyon pou reklame enterè sou dèt la ki depase to enterè ki anvigè dapre seksyon 6621(a)(2) Kòd Internal Revenue nan moman lavant dèt la oswa dapre lòtgid ki pibliye nan Bilten Internal Revenue);
 - iii. Òganizasyon ankapab retounen oswa rantre dèt la depi Òganizasyon an oswa achtè a detèmine Pasyan an kalifye pou Èd Finansye; epi
 - iv. achtè a gen obligasyon pou respekte pwosedi ki endike nan akò a ki asire Pasyan an p ap peye, epi li pa gen obligasyon pou peye, achtè a ak Òganizasyon an ansanm plis pase li gen responsablite pèsonèl pou peye dapre FAP si yo detèmine an kalifye pou Èd Finansye wepitou si Òganizasyon an pa retounen oswa pa rantre dèt la;
- b. nenpòt dwa-privilèj Òganizasyon an gen dwa pou egzèse dapre lwa leta sou peman yon jijman, oswa konpwomi yo dwe yon pasyan akòz chòk pèsonèl Òganizasyon an te bay li swen sante pou yo; oswa
- c. depo yon reklamasyon nan nenpòt pwosedi fayit.

5. “**FAP**” vle di Règleman Èd Finansye Òganizasyon an, ki se yon règleman pou bay Èd Finansye pou Pasyan ki kalifye nan avansman misyon ak konfòmite Òganizasyon an ak Ascension Health misyon epi annakò avèk 501(r)

6. “**Aplikasyon FAP**” vle di aplikasyon pou Èd Finansye.

7. “**Èd Finansye**” vledi asistans Òganizasyon an ka bay yon Pasyan dapre FAP Òganizasyon an.

8. “**Òganizasyon**” vle dis St. Vincent’s Medical Center, ki se yon pati nan Ascension Health. Pou mande plis enfòmasyon, prezante kesyon oswa kòmantè yo , oswa prezante yon kontestasyon, ou ka kontakte biwo ki endike anba la a oswa jan sa endike nan nenpòt avi ki anvigè oswa kominksasyon ou resevwa nan Òganizasyon an:

Patient Financial Services
Customer Service Call Center Manager
203-576-5374
2720 Main Street, Bridgeport CT, 06606
Attention: Customer Service

9. “**Pasyan**” vle di yon moun k ap resevwa swen sante (oswa ki te resevwa swen sante) nan Òganizasyon an ak nenpòt lòt moun ki gen responsabilite pou peye lajan pou swen sante a(tankou manm fanmi ak responsab legal yo).

PRATIK FAKTIRASYON AK REKOUVREMAN

Òganizasyon an gen yon pwosewsis ki òdone pou bay etadkont faktirasyon souvan pou Pasyan yo pou sèvis nou bay yo epitou pou nou kominike avèk Pasyan yo. Sizoka yon Pasyan pa peye pou sèvis li resevwa nan Òganizasyon an, Òganizasyon an ka angaje nan aksyon pou resevwa peman an, tankou, men pa sèlman efò pou kominike nan telefòn, imèl, epi fas-as-fas, ak youn (1) oswa plis ECA, dapre dispozisyon ak restriksyon ki endike nan Règleman konsènan Faktirasyon ak Rekovremman.

Dapre 501(r), Règleman konsènan Faktirasyon ak Rekovremman idantifye efò rezonab Òganizasyon an dwe fè pou detèmine si yon Pasyan kalifye anba FAP li pou Èd Finansye anvan li angaje nan aksyon rekouvremman ekstrawòdinè oswa ECA. Lè yon detèminasyon fèt, Òganizasyon an ka kontinye avèk youn oswa plis ECA, jan sa dekri la a.

1. Fason nou Travay sou Aplikasyon FAP. Sof jan sa endike anba la a, yon Pasyan ka prezante yon Aplikasyon FAP nenpòt lè pandan Peryòd Aplikasyon an. Òganizasyon an p ap gen obligasyon pou aksepte yon Aplikasyon FAP apre Peryòd Aplikasyon an, sof si gen lòt egzijans kiendike dapre 501(r). N ap travay sou detèminasyon kalifikasyon pou Èd Finansye a dapre kategori jeneral ki endike anba la yo.

- a. Ranpli Aplikasyon FAP yo. Sizoka yon Pasyan ki prezante yon Aplikasyon FAP ki ranpli pandan Peryòd Aplikasyon an, Òganizasyon an dwe nan, nan yon fason apwopriye, sispann nenpòt ECA pou resevwa peman pou swen sante a, detèmine si Pasyan an kalifye, epitou bay avi alekri, jan sa endike anba la a.
- b. Detèminasyon Kalifikasyon Sipoze. Si nou detèmine yon Pasyan sipoze kalifye pou mwens pase èd ki pi jenere ki disonib avèk FAP (pa egzanp, detèminasyon an kalifikasyon an baze sou yon aplikasyon Pasyan an prezante anrapò avèk swen sante

anvan), Òganizasyon an ap fè Pasyan an konnen baz detèminasyon an epi n ap bay Pasyan an yon peryòd tan rezonab pou aplike pou èd jenere a anvan nou kòmanse yon ECA.

- c. Avi ak Pwosesisi Kote pa gen Aplikasyon ki Prezante. Sof si Pasyan an prezante yon Aplikasyon FAP ki ranpli oswa si nou detèmine li kalifye dapre kritè Kalifikasyon Sipoze pou FAP, Òganizasyon an p ap angaje nan okenn ECA pandan omwen 120 jou apati dat premye etadkont faktirasyon apre egzeyat la pou swen sante nou bay Pasyan an. Sizoka gen anpil sitiyasyon kote nou bay Pasyan an swen santenou ka gwoupe dispozisyon sa yo ki nan avi a, kote peryòd tan yo ta dwe baze dènye sitiyasyon swen sante a ki endike nan gwoupman an. Anvan nou kòmanse yoin (1) ECAPou resevwa peman nan men Pasyan ki pa prezante yon Aplikasyon FAP pou swen sante nou ba li, Òganizasyon an dwe fè aksyon ki endike anba la yo:
- i. Bay Pasyan an yon avi alekri ki endike Èd Finansye disponib pou Pasyan ki kalifye yo, idantifye ECA(yo)nou chwazi pou aplike pou resevwa peman pou swen sante a, epi endike yon dat limit apre nou aplike ECA(yo) ki pa dwe vini anvan 30 jou apre dat nou bay avi alekri a;
 - ii. Bay Pasyan an rezime a ak pwosesis Aplikasyon FAP la nan langaj òdinè; epi
 - iii. Fè yon efò ki rezonab pou fè Pasyan an konnen aloral pwosesis FAP la ak pwosesis Aplikasyon FAP.
- d. aplikasyon FAP ki pa byen ranpli yo. Sizoka yon Pasyan ki prezante yon Aplikasyon FAPki pa byen ranpli pandan Peryòd Aplikasyon an, Òganizasyon an dwe fè Pasyan an konnen alekri fason pou ranpli Aplikasyon FAPepi nou dwe bay Pasyan an trant (30) jou almannak pou fè sa. nenpòt ECaki annatant dwe sispann pandan tan sa a, epi avi alekri a dwe (i) dekri enfòmasyon ak/oswa dokiman siplemantè ki obligatwa dapre FAP oswa Aplikasyon FAP ki nesesè pou ranpli aplikasyon an, epitou (ii) dwe gen enfòmasyon kontak apwopriye ladan.
- e. Sispansyon Peryòd Aplikasyon FAP. Òganizasyon an ka sispann Peryòd Aplikasyon an. Pou fè sa, nou dwe bayyon avi Sispansyon Peryòd Aplikasyon alekri pou Pasyan an.

2. Restriksyon sou Ravnwa oswa Refi pou bay Swen Sante. Nan sitiyasyon kote Òganizasyon an gen nentansyon ranvwaye oswa bay refi, oswa egzije yon peman anvan nou bay swen sante ki nesesè pou rezon medikal, jan sa defini nan FAP, paske lè yon Pasyan pa peye youn oswa plis bòdwo pou swen sante nou te bay li anvan ki garanti avèk FAP, n ap bay Pasyan an yon avi alekri k ap endike a Èd disponib pou Pasyan ki kalifye yo Nou dwe bay Pasyan an yon Avi pou Sispansyon Peryòd Aplikasyon an.

3. Avi pou Detèminasyon.

- a. Detèminasyon yo. Lè nou resevwa yon Aplikasyon FAP ki ranpli sou kont yon Pasyan, Òganizasyon an ap evalye Aplikasyon FAP la epi n ap fè Pasyan an konnen alekri detèminasyon final la nan karant-senk (45) jou almannak. Avi a ap gen ladan

yon detèminasyon kantite lajan Pasyan an ap gen responsablite finansye pou peye. Si Pasyan an jwenn refi pou Aplikasyon FAP la, n ap voye yon avi ba li pou eksplike li rezon pou refi a epitou pou nou bay li enstriksyon pou kontestasyon ak re-konsidérasyon.

- b. **Ranbousman.** Òganizasyon an ap bay yon ranbousman pou kantite lajan yon Pasyan peye pou swen sante ki depase kantite lajan nou detèmine pasyan an gen responsablite finansye pou petye anba FAP, sof sikantite lajan ki anplis la pipiti pase \$5.00.
- c. **Ranvèsman ECA(yo).** Nan limit nou detèmine yon Pasyan kalifye pou Asitans Finansye avèk FAP, Òganizasyon an ap pran tout mezi ki disponib yon fason rezonab pou ranvèse yon ECA nou te pran kont Pasyan an pou nou resevwa pemab pou swen sante a. Anjeneral mezi ki disponib yon fason rezonab yo gen ladan, men pa sèlman, mezi pou anile nenpòt jijman kont Pasyan an, eliminasyon prelèvman sou pwopriyete Pasyan an, epi retire nan rapò kredi Pasyan an nenpòt enfòmasyo n negatif nou te rapòte ba yon ajans rapòtaj sou konsomatè oswa biwo kredi.

4. **Kontestasyon.** Pasyan an ka konteste yon refi kalifikasyon pou Èd Finansye depi li bay lòt enfòmasyon pou Òganizasyon an nan katòz jou apre li resevwa avi pou refi a. Òganizasyon an revize tout kontestasyon yo pou yon detèminasyon final. Si detèminasyon final la konfime refi pou nou te bay anvan pou Èd Finansye a, n ap voye yon avi alekri ba Pasyan an. Yon kontestasyon pa pwolonje oswa pa re-louvri pwosesis aplikasyon ki prevwa nan Règleman Konsènan Faktirasyon ak Rekovreman.

5. **Avi anvan Rekovreman.** Anvan nou voye nenpòt dèt ba yon ajans rekouvremant dèt deyò oswa anvan nnou kòmanse yon aksyon kont yon Pasyan oswa kont byen li yo, pou nou touche frè nou reklame pou swen sante nou bay nan Òganizasyon, Òganizasyon an dwe fè yon detèminasyon pou konnen si Pasyan an pa gen asirans ak si Pasyan an kalifye pou lajan pou kabann lopital jan sa dekri nan FAP. Yon Pasyan ki pa gen asirans vle di nenpòt moun ki responsab pou peye youn oswa plis frè lopital la reklame, ki gen revni li ki nan oswa anba de san senkant pousan (250%)gid revni povrete, ki (A) te aplike ak jwenn refi pou kalifye pou nenpòt pwoteksyon swen medikal oswa pwoteksyon swen sante yo bay avèk pwogram Medicaidpaske li pa satisfè kondisyon kalifikasyon dapre revni oswa lòt kondisyon kalifikasyonepi (B) pa kalifye pou pwoteksyon pou sèvis lopital anbapwogram Medicaid ak pwogram CHAMPUS, oswa anba nenpòt pwogram asirans Medicaid oswa lòt pwogram asirans santeyon lòt eta, nasyon oswa commonwealth, oswa anba nenpòt lòt pwogram gouvènman, oswa pwogram sante ki finanse avèk lajan sektè prive, oswa pwogram asirans pou aksidan tankou, men pa sèlman, konpansasyon ak rekonpans travayè, aranjman, oswa jijman, nki soti nan reklamasyon, pwosè pswa pwosedi ki konsène aksidan vezikil-a-motèoswa negligians sipoze.

6. **Rekoiuvreman.** Nan fen pwosedi yo ki endike anwo a, Òganizasyon an ka kontinye avèk ECA yo kont Pasyan ki pa gen asirans ak Pasyan ki pa gen ase asirans ki gen kont delenkan, jan nou detèmine sa nan pwosedi Òganizasyon an pou kreye trete ak kontwole bòdwo ak plan peman Pasyan an.

- a. Nan okenn sikonstans, Òganizasyon an oswa yon ajans endependan k ap fonksyone sou non Òganizasyon an pa ka fè rekouvreman peman nan men yon Pasyan ki pa gen asirans pou plis pase frè Òganizasyon an reklame pou sèvis nou bay yo. "Frè pou bay sèvis yo" vle di frè Òganizasyon an pibliye nan moman faktirasyon an, ki miltipliye pa dènye relasyon frè Òganizasyon an reklame jan nou pran yo nan dènye depo bilan finansye anyèl Òganizasyon an fè nan Biwo Aksènan Swen Sante Depatman Sante Piblik.
- b. Selon restriksyon ki endike la yo, Òganizasyon an ka itilize sèvis yon ajans rekouvreman dèt ki gen bon repitasyon pou travay sou move kont dèt yo, epi ajans sa yo oswa founisè sèvis sa yo dwe respekte dispozisyon 501(r) ki anvigè pou ajans endependan yo ak dispozisyon Seksyon 19a-673 ak 19a-673b Lwa Jeneral Connecticut.

7. Sispansyon Efò Rekouvreman Lè pasyan ki dwe a Kslifye pou Lajan Kabann oswa Lòt Sèvis. Si, nan nenpòt pwen nan pwosesis rekouvremman dèt la, Òganizasyon aoswa nenpòt ajans k ap pran desizyon sou non Òganizasyon an, tankou yon ajans rekouvreman dèt oswa yon ajans rekouvreman dèt konsomatè, vin konnen yon Pasyan Òganizasyon an ap chèche resevwa peman nan men li pou sèvis yo kalifye pou lajan kabann nan lopital, sèvis gratis oswa sèvi pou pri redui, oswa nenpòt lòt pwogram ki ta facilite eliminasyon responsablite pou dèt la oswa rediksyon nan kantite lajan pou yon responsablite konsa, Òganizasyon ab oswa ajan endependan ki konsène k ap pran desizyon sou non Òganizasyon an dwe sispann efò yo pou rekouvreman an epi li dwe voye dosye rekouvreman an ba Òganizasyon an pou nou detèmine si Pasyan an kalifye toutbon. Okenn efò rekouvreman pa ka rekòmanse jiskaske nou fè detèminasyon an.